

## **POSITIVE IMPACT HEALTH CENTERS**

### **AVI SOU PRATIK VI PRIVE YO**

*An vigè 6 me 2026*

*Avi sa a ranplase tout vèsyon anvan yo*

Enfòmasyon w yo. Dwa w yo. Responsablite nou yo. Avi sa dekri fason yo kapab itilize epi divilge enfòmasyon sou sante w yo ak fason ou kapab gen aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri, byen egzamine li.

*Ou gen dwa pou jwenn yon kopi nan avi sa a sou papye oswa sou fòm elektwonik nenpòt lè.*

**ENPÒTAN: Pwoteksyon espesyal pou sèten enfòmasyon sou sante:** Lwa nan Georgia ak lwa federal yo prevwa yon pwoteksyon ranfòse pou kèk kategori enfòmasyon medikal, tankou estati VIH/SIDA, dosye konsènan tretman twoub itilizasyon sibstans (942 CFR Pati 2), dosye sante mantal ak dosye ki gen rapò ak abi alkòl oswa dwòg. PIHC p ap divilge enfòmasyon sa yo ki sou pwoteksyon espesyal san w pa bay otorizasyon alekri pou sa, sof si lalwa egzije sa, oswa si Avi sa a dekri sa yon lòt jan.

### **SEKSYON I – DWA W YO**

Ou gen dwa ki vin apre yo konsènan enfòmasyon sou sante nou kenbe sou ou yo: Pou egzèsè nenpòt nan dwa sa yo, voye yon demann alekri bay Responsab Pwoteksyon Vi Prive nou an nan adrès ki ekri anba a.

#### **Dwa pou gen aksè epi jwenn kopi dosye w yo**

Ou gen dwa pou egzamine epi jwenn yon kopi nan enfòmasyon sou sante w nou konsève nan yon dosye ki la pou sa, ki gen ladan, dosye medikal ou, dosye sante mantal ou, ak dosye fakti w yo. An jeneral, nou ap ba w yon kopi oswa yon rezime nan espas 30 jou apre demann ou an. Si nou konsève dosye w yo sou fòm elektwonik, ou kapab mande yon kopi sou fòm elektwonik. Epi tou, ou

kapab mande nou voye yon kopi pou yon lòt moun.

Nou kapab mande w yon frè rezonab – nou ap kalkile selon depans yo, pou kopi yo. Nou kapab limite aksè a sèlman nan yon seri sikonstans eksepsyonèl, tankou lè gen risk pou aksè sa a lakoz ou menm oswa yon lòt moun blesi grav, oswa lè dosye yo gen yon seri nòt sikoterapi yo te konsève apa.

#### **Dwa pou mande koreksyon (Modifikasyon)**

Si w panse enfòmasyon sou sante nou gen sou ou yo pa kòrèk oswa yo pa konplè, ou kapab mande nou modifiye yo. Nou kapab refize demann ou an si se pa nou menm ki te kreye enfòmasyon an oswa si nou detèmine li egzak epi konplè. Si nou refize demann ou an, ou gen dwa pou depoze yon deklarasyon pou di w pa dakò. Nou kapab prepare yon repons kont deklarasyon an epi nou ap ba w yon kopi.

#### **Dwa pou jwenn yon relve sou divilgasyon yo**

Ou kapab mande nou yon lis sou kantite fwa nou te divilge enfòmasyon sou sante w yo pandan 6 lane ki vin anvan dat demann ou an, bay ki moun nou te pataje yo, epi pou ki rezon. Nou ap ajoute tout sa nou te divilge yo, sof enfòmasyon sou tretman, pèman, ak operasyon swen sante yo, epi kèk lòt divilgasyon nou te fè paske w te mande sa. Nou ap ba w yon rapò finansye gratis chak ane; nou kapab mande yon frè rezonab pou lòt rapò finansye sou yon peryòd 12 – mwa.

#### **Dwa pou mande restriksyon**

Ou kapab mande pou nou limite fason nou ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w yo pou kesyon tretman pèman oswa operasyon swen sante. Nou pa oblije dakò ak demann ou an, sof si restriksyon an gen rapò ak divilge enfòmasyon bay yon plan sante pou kesyon pèman oswa operasyon, epi w te peye tout sèvis la ak lajan ki

sot nan pòch ou – nan ka sa a, nou dwe respekte demann ou an. Si nou aksepte yon restriksyon epi apresya, ou bezwen yon tretman annijans, nou kapab divilge enfòmasyon w yo nan mezi sa nesese pou swen sa a.

**Dwa pou mande kominikasyon konfidansyèl** Ou kapab mande pou nou kontakte w yon fason byen presi (pa egzanzp, sèlman nan telefòn selilè) oswa yon kote byen presi. Nou ap aksepte tout demann ki rezonab yo. Nou p ap mande w eksplike rezon ki fè w fè demann lan.

#### **Dwa pou mete w okouran konsènan yon vyolasyon**

Nan ka kote gen yon vyolasyon konsènan enfòmasyon sou sante pwoteje w yo ki pa sekirize, nou gen obligasyon pou mete w okouran san pèdi tan, tankou di w sa ki pase a, ki enfòmasyon ki te enplike epi ki mezi ou kapab pran pou pwoteje tèt ou.

#### **Dwa pou deziyen yon reprezantan pèsònèl**

Si yon moun gen otorite legal pou ajri nan non w – tankou sou baz yon pwokirasyon medikal oswa responsabilite legal – moun sa a kapab egzèsè dwa ou genyen yo epi li kapab pran desizyon konsènan enfòmasyon medikal ou yo. Nou ap verifye otorite sa a anvan nou pran nenpòt mezi.

#### **Dwa pou jwenn yon kopi nan Avi sa a**

Ou gen dwa pou resevwa yon kopi nan Avi sa a sou papye oswa fòm elektwonik nenpòt lè, menmsi w te gentan dakò pou resevwa li sou fòm elektwonik.

## **II. CHWA W YO**

Pou nou itilize enfòmasyon sou sante w yo fason ki vin apre yo, ou gen dwa pou di nou sa w prefere. Nou ap suiv enstriksyon w yo.

**Pataje yo bay fanmi, zanmi ak lòt moun ki enplike nan swen w yo**

Nou kapab pataje enfòmasyon enpòtan w yo bay manm fanmi w, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki enplike dirèkteman nan swen w yo oswa ki ap ede w peye pou swen w yo, sof si pa vle sa. Si w pa kapab di nou kisa w prefere (pa egzans, nan ka yon ijans) nou kapab pataje enfòmasyon w yo si nou kwè sa nan pi bon enterè w.

### **Sekou lè gen katastwòf**

Nou kapab pataje enfòmasyon w yo bay òganizasyon sekou pou lè gen katastwòf yo, pou ede nan efò pou sekou. Nou ap ba w opòtinite pou aksepte oswa refize chak fwa sa posib.

### **Kolekte fon**

Nou kapab kontakte konsènan aktivite kolekte fon pou soutni misyon PIHC yo. Ou gen dwa pou chwazi pa resevwa okenn mesaj ki gen rapò ak kolekte fon. Nan chak kominikasyon ap gen enstriksyon sou fason pou dezabone, epi nou ap respekte tout demann dezabònman yo.

*Remak: Si nou kenbe dosye sou pwoblèm itilizasyon sibstans ou yo, an konfòmite ak 42 CFR Pati 2 a, nou ap ba w yon avi klè epi nou ap ba w chwa, anvan nou itilize enfòmasyon sa yo pou kolekte fon.*

Itilizasyon ki Mande pou w bay Otorizasyon Alekri Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo pou objektif ki vin apre yo san w pa bay otorizasyon alekri w, ou kapab anile nenpòt lè:

- Pifò fason yo itilize oswa pataje nòt sikoterapi yo
- Objektif maketing, tankou kominikasyon ki gen rapò ak tretman sibvansyone
- Vann enfòmasyon sou sante w yo
- Nenpòt lòt fason nou itilize oswa divilge yo epi ki pa dekri nan Avi sa a

### **SEKSYON III FASON NOU AP ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE W YO**

### **Itilizasyon pa woutin – Pa obligatwa pou gen otorizasyon**

#### **Tretman**

Nou ap itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w yo pou bay, kowòdone ak jere swen sante w yo. Ladan gen pataje enfòmasyon yo bay doktè, enfimyè, famasyen, founisè sante mantal, ak lòt manm ekip swen w lan ki bezwen enfòmasyon sa yo pou trete w.

*Pa egzans: founisè swen prensipal ou genyen nan PIHC a pataje rezilta tèst laboratwa w yo bay espesyalis VIH ou a pou kowòdone swen w yo.*

#### **Pèman**

Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w yo pou voye fakti epi resevwa pèman pou sèvis nou ba w yo. Ladan gen soumèt reklamasyon w yo bay konpayi asirans ou, verifye kalifikasyon w epi egzamine sèvis yo pou konnen si yo nesèsè pou rezon medikal. Si li vin nesèsè pou fè yon pwosesis rekouvremant, nou ap divilge sèlman kantite enfòmasyon minimòm ki nesèsè yo.

*Pa egzans: Nou voye yon reklamasyon bay konpayi asirans ou an ki dekri sèvis ou te resevwa yo, yo fason pou li peye pou swen w yo.*

#### **Operasyon swen sante**

Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w yo pou soutni aktivite biznis nou yo, tankou pou evalyasyon kalite, fòmasyon anplwaye yo, jwenn lisans, ak aktivite konfòmite epi pou fè aranjman pou sèvis yo, bay patnè komèsyal ki te siyen yon akò ki egzije yo pwoteje enfòmasyon w yo.

*Pa egzans: Nou itilize enfòmasyon sou sante yo pou egzamine kalite swen manm pèsònèl klinik nou an bay yo.*

### **Lòt divilgasyon ki otorize – Pa obligatwa pou gen otorizasyon**

Lwa federal ak Lwa Eta a ban nou otorizasyon oswa egzije pou nou itilize epi divilge enfòmasyon sou

sante w yo san otorizasyon w nan sikonstans ki vin apre yo. Nan tout ka yo, nou ap divilge sèlman enfòmasyon minimòm ki nesèsè yo.

#### **Egzijans lalwa**

Nou ap divilge enfòmasyon sou sante w yo lè lwa federal, lwa Eta a oswa lwa lokal yo egzije pou nou fè sa, san wete bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an, nan kad yon ankèt pou verifye si nou an konfòmite ak HIPAA.

#### **Sante ak sekirite piblik**

Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w yo bay yon otorite sante piblik, an konfòmite ak lalwa, pou:

- Anpeche oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap
- Rapòte move reyaksyon parapò ak medikaman yo
- Rapòte abi, neglijan oswa vyolans domestik nou sispèk, bay otorite ki apwopriye yo
- Anpeche oswa diminye yon menas grav epi imedya pou sante oswa sekirite

#### **Aktivite siveyans sante**

Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w yo bay yon ajans siveyans sante pou li fè yon seri aktivite lalwa otorize, tankou odit, ankèt, enspeksyon ansanm ak aktivite lisans.

#### **Pwosedi jidisyè ak administratif**

Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante w yo pou reponn yon òdonans tribinal oswa administratif, oswa pou reponn yon manda, avèk konsantman w oswa nan lòt fason lalwa egzije sa. Nou ap fè tout efò ki rezonab pou fè w konn sa anvan nou divilge yo.

#### **Aplikasyon lalwa**

Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante w yo bay responsab fòsdelòd yo jan lalwa egzije sa, tankou pou idantifye yon sispèk, yon moun ki disparèt, oswa viktim yon krim; pou rapòte yon krim ki fèt

nan lokal nou yo; oswa pou reponn yon òdonans tribinal oswa pwosedi legal.

#### **Moun ki mouri**

Nou kapab divilge enfòmasyon konsènan pasyan ki mouri yo bay yon medsen lejis, yon medsen lejis ki ap egzamine, yon direktè ponp finèb, oswa bay yon manm fanmi oswa yon zanmi ki te patisipe nan swen pasyan an, jan lalwa otorize sa. HIPAA pa pwoteje enfòmasyon sou sante moun ki mouri depi plis pase 50 lane yo.

#### **Rapòte abi ak neglijans**

Nou gen obligasyon selon lwa Georgia pou rapòte ka sipèk konsènan abi sou timoun, abi sou granmoun, oswa sou granmoun ki sou kont yon moun, bay Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi nan Georgia oswa bay Devizyon Sèvis pou Granmoun nan Georgia.

#### **Ijans medikal**

Nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w yo bay manm pèsonèl medikal yo pou anpeche blesi grav nan yon ijans medikal. Nou ap ba w yon kopi nan Avi sa a kou sa posib, apre nou fin jere ijans lan.

#### **Rechèch**

Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo pou rechèch medikal, akondisyon gen yon pwosesis evalyasyon enstitisyonèl espesyal oswa ou bay otorizasyon w alekri pou sa, jan lwa ki aplikab la egzije sa.

#### **Fonksyon espesyal nan gouvènman an**

Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante w yo bay otorite ki otorize yo pou yon seri aktivite ki gen rapò ak sekirite nasyon, ransèyman, kòmand militè ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl, nan limit lalwa otorize.

#### **Konpansasyon travayè**

Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante w yo lè lwa sou konpansasyon travayè a egzije oswa otorize sa.

#### **Don ògàn ak tisi**

Nou kapab pataje enfòmasyon w yo bay òganizasyon responsab pou jwenn ògàn yo, nan limit lalwa otorize sa.

#### **Otorizasyon vèbal**

Grasa otorizasyon vèbal ou, nou kapab pataje enfòmasyon enpòtan w yo bay manm fanmi w oswa lòt moun ki enplike dirèkteman nan swen w yo.

#### **SEKSYON IV – PWOTEKSYON ESPESYAL SOU BAZ LWA GEORGIA AK LWA FEDERAL LA**

PIHC pran swen pasyan enfòmasyon sou sante yo kapab anba yon seri pwoteksyon jiridik ranfòse, ki ale pi lwen pase egzijans estanda HIPAA yo. Nou pran angajman pou respekte tout pwoteksyon ki aplikab yo.

#### **Enfòmasyon sou VIH/SIDA**

Lwa Georgia a (O.C.G.A § 21-12-21) prevwa yon seri pwoteksyon espesyal pou enfòmasyon sou sante ki lye ak VIH yo. PIHC p ap divilge estati VIH/SIDA, rezilta tès yo, oswa enfòmasyon ki lye ak sa yo, san otorizasyon alekri w, sof si lalwa egzije sa (pa egzanp, nan kad yon deklarasyon obligatwa pou sante piblik) oswa Avi sa a otorize sa.

**Dosye konsènan pwoblèm itilizasyon sibstans – 42 CFR Pati 2** Si PIHC kenbe dosye sou ou ki gen rapò a pwoblèm itilizasyon sibstans, dosye sa yo pwoteje sou baz règleman federal ki nan 42 CFR Pati 2 a anplis HIPAA. Sou baz Pati 2:

- An jeneral, nou dwe jwenn konsantman w alekri anvan nou itilize oswa pataje dosye sa yo pou tretman, pèman oswa operasyon swen sante.
- Nou pa kapab itilize oswa pataje dosye konsènan pwoblèm itilizasyon sibstans ou yo

nan kad okenn pwosedi sivil, kriminel, administratif, oswa lejislatif ki ap fèt kont ou san (1) konsantman w alekri oswa (2) yon òdonans tribinal ki vin ak yon manda oswa yon manda jiridik menm jan an.

- Si w bay yon konsantman jeneral, kèk benefisyè ki dwe respekte lwa HIPAA kapab re – divilge enfòmasyon w yo nan limit HIPAA otorize sa, men, yo toujou pa kapab itilize dosye w yo nan pwosedi jiridik kont ou san konsantman w oswa yon òdonans tribinal.
- Nou ap ba w yon avi alavans epi nou ap kite w chwazi si w vle oswa pa vle resevwa komunikasyon konsènan kolekte fon ki itilize enfòmasyon nan Pati 2 a.

#### **Dosye sante mantal**

Lwa Georgia a prevwa yon seri pwoteksyon anplis pou dosye konsènan tretman sante mantal yo. Pifò fason yo itilize oswa pataje nòt sikoterapi yo egzije pou w bay otorizasyon alekri. Nou p ap divilge dosye konsènan tretman sante mantal ou yo san konsantman w alekri, sof si lalwa egzije sa oswa pou anpeche yon menas grav epi rapid pou sante oswa sekirite.

#### **Dosye konsènan abi alkòl ak dwòg**

Anplis mezi pwoteksyon yo prevwa nan Pati 2 lwa federal ki ekri anwo a, lwa Georgia a prevwa yon seri mezi pwoteksyon pou dosye konsènan tretman abi alkòl ak dwòg yo. PIHC ap respekte tout egzijans nan nivo Eta a ak federal la ki aplikab pou dosye sa yo.

#### **SEKSYON V – RESPONSABILITE NOU YO**

- Nou gen obligasyon selon lalwa pou nou kenbe enfòmasyon sou sante w yo ki pwoteje konfidansyèl epi an sekirite.
- Nou dwe respekte obligasyon ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a.

- San pèdi tan, nou ap fè w konnen si gen yon vyolasyon ki kapab konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon medikal ou yo.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon w yo nan lòt fason pase sa ki dekri nan Avi sa a, sof si w ban nou otorizasyon alekri pou sa. Ou kapab anile otorizasyon alekri sa a nenpòt lè.
- Nou rezève dwa pou chanje kondisyon ki nan avi sa a nenpòt lè. Chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon medikal nou kenbe yo. Avi ki ajou a ap disponib sou demann, li ap afiche nan lokal nou yo epi li ap sou sit entènèt nou an.

#### **SEKSYON VI – FASON POU DEPOZE YON PLENT**

Si w panse PIHC te vyole dwa sou vi prive w yo, ou kapab depoze yon plent bay:

**Reponsab Konfidansyalite PIHC a: Heather Wademan**

Positive Impact Health Centers  
2800 Century Parkway, Suite 550. Atlanta, GA 30345

Telefòn: (404) 977-5180

Imèl: [Heather.Wademan@pihcga.org](mailto:Heather.Wademan@pihcga.org)

U.S. Department of Health and Human Services,  
Office for Civil Rights  
200 Independence Avenue S.W., Washington D.D. 20201

Telefòn: 1-877-696-6775

[www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint](http://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint)

**Nou p ap fè reprezay kont ou nan okenn fason paske w depoze yon plent.**

#### **SEKSYON VII – ANPLASMAN PIHC YO**

523 Church Street, Decatur, GA 30030

(404) 589-9040

547 Church Street, Decatur, GA 30030

(404) 596-5984

3350 Breckinridge Boulevard, Suite 200, Duluth, GA 30096 (770) 962-8396

1650 County Services Parkway, Marietta, GA 30008 (770) 514-2464

1117 Battle Creek Road, Suite 1002, Jonesboro, GA 30236 (678) 210-9450

2800 Century Parkway, Suite 550, Atlanta, GA 30345 (404) 600-2420

Dat Dènye Revizyon an: 6 Me 2026 | Avi sa a ranplase tout vèsyon anvan yo ki te pibliye pa Sant Sante Impact Positive yo.

Sit wèb:

[www.pihcga.org](http://www.pihcga.org) | Pou plis enfòmasyon sou HIPAA:

[www.hhs.gov/hipaaTcheke](http://www.hhs.gov/hipaaTcheke) tout aplikasyon sa a